

**PANGARUH KATERAMPILAN LITERASI DIGITAL KANA MOTIVASI  
DIAJAR SISWA DINA PELAJARAN EKONOMI  
(Survei Ka Kelas X IPS SMA Pasundan 3 Bandung)**

**EVA SITI FATIMAH  
175020084**

**RINGKESAN**

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun mikanyaho: (i) tingkat literasi digital siswa (ii) tingkat motivasi diajar siswa (iii) pangaruh literasi digital kana motivasi diajar siswa dina pelajaran ekonomi kelas X IPA SMA Pasundan 3 Bandung. Metode panalungtikan ngagunaken survey sareng pamarekan kuantitatif. Teknik ngumpulkeun data ngagunakeun instrumen angket sareng wawancara, ngolah data ngagunakeun aplikasi *IBM SPSS Statistics Version 24.0* sareng *Microsoft Excel 2010*. Hasil panalungtikan netelankeun yen: (i) literasi digital siswa kaasup dina kategori hade, (ii) motivasi diajar siswa kaasup dina kategori hade, (iii) pangaruh literasi digital siswa kaasup kategori gede bisa naekeun motivasi diajar siswa sakitar 55,1%. Pangujian hipotesis panalungtikan ieu nganyatakeun yen literasi digital ningkatkeun motivasi diajar siswa kelas X IPS SMA Pasundan 3 Bandung dina pelajaran ekonomi. Panulis nyarankeun ka: (i) siswa pikeun ngamangpaatkeun fasilitas literasi digital anu tos dibere ku sakola, (ii) guru tiasa ngabangun kagiatan diajar sangkan lewih optimal anu diajar, (iii) sakola tiasa ngaoptimalkeun dina nyadiakeun fasilitas sarana sareng prasarana dinu literasi digital.

Kecap konci : literasi digital sareng motivasi diajar